



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ LOJMAN SIPÒ 6.8 MILYON DOLA NAN KONTE MONROE

Bilding Miller Open Door Mission lan bay 24 inite lojman sipò pèmanan nan Rochester

Pwojè a pral ede ansyen sanzabri yo ki gen laj 18-25, ansanm ak moun ki gen maladi mantal oswa pwoblèm itilizasyon sibstans

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann devlopman 6.8 milyon dola Building Miller Open Door Mission nan Rochester pou ajoute 24 inite lojman sipò pèmanan pou ansyen moun ki sanzabri. Apatman yo ki prensipalman jwenn finansman Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) Biwo Asistans Tanporè ak pou Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) a, apatman yo pral okipe avèk moun ki gen maladi mantal, moun ki gen difikilte ak twoub itilizasyon sibstans ak jèn ki gen laj 18 a 25 ane.

"Nouvo apatman sa yo pral bay non sèlman yon kote ki an sekirite ak abòdab pou viv, men tou sèvis sipò ki nesèsè pou pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lojman sipò tankou Building Miller nan Rochester se yon eleman enpòtan nan angajman administrasyon mwen an pou konstwi kominote enklizif ki ede asire tout Nouyòkè yo gen yon kote ki an sekirite, abòdab pou yo rele lakay yo, epi n ap kontinye investi nan lojman sipò kòm yon pati fondamantal nan efò nou yo pou rezoud pwoblèm sanzabri atravè eta a".

Pwojè sa konplete plan Gouvènè Hochul nan tout eta a pou rann lojman pi abòdab, ekite ak estab. Nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè a te reyisi sekirize yon nouvo plan lojman konplè sou senk ane ki koute 25 milya dola, ki pral ogmante òf lojman lè li kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab nan New York, ki enkli 10,000 avèk sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Open Door Mission te konplètman renove Building Miller ki te vid nan West Main Street pou enkli 13 apatman yon sèl pyès ak 11 ki gen yon chanmakouche. Anplis, yo pral bay sèvis sipò sou plas, sa gen ladan jesyon ka, fòmasyon preparasyon pou travay, jesyon finansye, fòmasyon sou konpetans ak èd pou chèche travay.

Finansman pou pwojè a te enkli plis pase 6.5 milyon dola nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri, avèk Open Door Mission ki te kouvri rès depans konstriksyon yo. Se Inisyativ Lojman Sipò Empire State la atravè Biwo Sèvis pou Adiksyon ak Sipò (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) eta a ki bay finansman operasyonèl.

Open Door Mission ap selebre 70yèm ane li ap sèvi kominote Rochester a. Òganizasyon an ap jere twa lòt enstalasyon ki ofri abri ijans oswa tranzisyon nan Konte Monroe.

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Konbinezon apatman ki an sekirite, pèmanan, abòdab ak sèvis sipò sou plas yo pral ede jèn adilt sa yo anpil, ansanm ak rezidan ki gen maladi mantal oswa pwoblèm itilizasyon sibstans. Nouvo apatman bèl apatman sa yo bay lavi ak yon bilding ki te vid, ki benefisye pa sèlman moun ki pral viv ladan, men tout kominote a".

Komisè Biwo Sèvis pou Adiksyon ak Sipò a, Chinazo Cunningham, te deklare, "Aksè nan lojman pèmanan ak sipò enpòtan anpil pou anpil moun ak fanmi ki gen oswa ki afekte pa pwoblèm itilizasyon sibstans. Inisyativ lojman sa a pral sèvi popilasyon ki pi vilnerab yo nan Konte Monroe epi li se yon pati enpòtan nan kontinyèl swen OASAS la".

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Lè w abòde pwoblèm konplèks konsènan sante mantal, abi sibstans, ak jèn adilt ki nan sitiyoasyon sanzabri, finansman sa a pral asire Open Door Mission kontinye sèvi globalman ak divès kalite bezwen kominote nou an jan yo te dirije nan fè sa pandan sèt deseni ki pase yo. Mwen rekonesan pou sipò Gouvènè Hochul, OTDA, ak Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon paske yo fè pwomosyon lojman aksesib, abòdab, ki gen konsyans ekolojik nan rejyon nou an".

Manm Asanble Demond Meeks, te deklare, "Anpil manm nan kominote nou an pa gen aksè a yon kay ki an sekirite epi ki estab. San lojman serye, manm kominote ki gen difikilte yo ak fanmi yo refize opòtinite pou yo chape anba sik povrete a ansanm ak kapasite pou yo pwospere. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Biwo Asistans Tanporè ak Andikape, ak Open Door Mission paske yo demontre angajman yo nan bay popilasyon ki pi vilnerab nou yo lojman abòdab, ekitab ak ki estab. Mwen espere ke investisman sa a reprezante kòmansman yon angajman k ap grandi nan direksyon pou bay lojman ki estab ak resous efikas pou sè ak frè ki sanzabri nou yo".

Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare, "Lojman se fondasyon sante ak sekirite piblik. Nouvo pwojè lojman sa a pral transfòmasyonèl nan angajman li avèk ansyen moun ki te sanzabri yo nan asire yo gen sipò ak resous ki nesèsè pou kenbe yon vi ki estab ak an sante. Mèsi Gouvènè Hochul ak Open Door Mission pou investisman enpòtan sa a nan rezidan nou yo ak nan kominote nou an".

Majistra Rochester, Malik Evans, te deklare, "Felisitasyon ak Open Door Mission pou achèyman devlopman lojman sipò Bilding Miller nan Main Street, ki pral ede moun fè

yon tranzisyon reyisi soti nan sanzabri kwonik pou pase nan lojman pèmanan. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Biwo Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York ak Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon paske yo sipòte pwojè sa a epi fè envestisman sa a nan Rochester. Bay rezidan nou yo lojman ki an sekirite, bon kalite ak abòdab pral fè avanse efò nou yo pou kreye yon vil ki ranpli ak espwa avèk yon avni ki eksitan".

Direktris Egzekitif Jeneral Open Door Mission, Valeria-Iseman, te deklare,

"Achèvman sa a make yon chapit enteresan nan Open Door Mission epi li fèt nan yon moman kritik paske bezwen pou lojman abòdab nan yon nivo maksimòm. Ouvèti inite lojman sa yo pral etabli yon chemen solid nan rekiperasyon, endepandans finansye ak restorasyon dirab pou moun n ap sèvi yo".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418